

**Хуабэмрэ нэхумрэ зэтезыIыгъэхэр**

2-нэ нап.



**Джонсон Рэйчел и адыгэ къежьапIэр къелъыхъуэж**

3-нэ нап.



**Дээлыкъуэ щIыналъэм и тхыдэ-лъахэхутэ музей**

4-нэ нап.



**«Псыхущхъуэщ» зэреджэу щытар**

4-нэ нап.


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№134 (24.260) ● 2021 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 11, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




Адыгэ щIалэхэр Кубок нэхъыщхьэм иризоныкъуэкъу

4-нэ нап.



## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм я IэщIагъэм епха махуэмкIэ зэрехъуэхъур

ПщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъухэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэмкIэ.

А махуэшхуэр лэжьыгъэ мытыншым, ауэ жылагъуэ хабзэр, цIыхухэм я гъащIэмрэ шынагъуэншагъэмрэ, я хуитыныгъэхэр хъумэным зи гъащIэр тыхь хуэзыщIахэм пщIэ зэрахуэтщIым и дамыгъэщ. Фи лэжьыгъэм лIыхъужьу, щыпкъэу, захуагъэм и телъхьэу, фи къару фемыблэжу икIи жэуаплыныгъэшхуэ фхэлъу фыщытыну къыфхуегъэув. Фяпэ итахэм я Iуэхухэм, я хабзэфIхэм къыпыфщэкIэрэ, фэ щIыхь пылъу фогъэзащIэ фи пащхьэ къит къалэнхэр, жыджэру фапэщIэтщ щIэпхъаджагъэхэм, Iулъхьэ зэIэпыхыным, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ, щытыкIэ къызэрымыкIуэхэм фиту жылагъуэ хабзэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я мамыр зэхэтыкIэр хъума хъуныр къызывогъэпэщ.

ФIыщIэ фхузощI фи IэщIагъэм фызэрыхуэIэзэм, фщIа тхьэрыIуэмрэ фи къалэнхэмрэ фазэрыхуэпэжым папщIэ.

Щхьэхуэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэм, лэжьыгъэ и пIалъэкIэ ныбжьыщIэхэм ядэгуэшэну зэрыхьэзырым, лэжьакIуэ нэхъ щIалэхэр езыхэм я щапхъэмкIэ зэрагъасэм папщIэ.

Шэч къытесхьэркъым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ щыIэ министерствэм къулыкъу щызыщIэхэр жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, Хабзэмрэ Урысейм и цIыхубэмрэ дяпэкIи хьэлэлу зэрахуэлэжьэнум.

Узыншагъэ быдэ фиIэу, зэIузэпэщу фыпсэну, фи лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр къыщыфхьыну, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ яфI зыхэлъ Iуэхухэр къывдэхъуну сынывохъуэхъу.

● ЩIыуэпс

## Мэзхэр дывгъэхъумэ

**«Экологие» лъэпкъ проектым хыхьэу ди къэралым щокIуэкI «Мэзхэр тхъумэнщ» зи фIэщыгъэ урысейпсо Iуэхугъуэр. Абы и щIыналъэ Iыхьэр гъэзэщIэн Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIадзэнущ щэкIуэгъуэм и 13-м щегъэжьауэ.**

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭР аращи, къэрал псом зыщызыубгъу щIыхьэхур къыхэлъхьэнымкIэ жэрдэмыр зейр волонтёрхэм я зэгухьэныгъэу «Фэеплъхэм я жыг хадэ» зыфIащарщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зи гугъу тщIы проектым и унэтIакIуэщ республикэм ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэр. Iуэхугъуэхэр дызэрыт мазэм и кIэ хъуху республикэм и щIыналъэ псоми щекIуэкIынущ.

Апхуэдэу, КъБР-м и къалащхьэм ТекIуэныгъэм и цIэр зезыхьэ паркым щIыхьэхум хэтынухэм щыхасэнущ кIей, блашэ, Iэней, жыгей, пхъэмыфей, дей жыгыщIэхэу зи бжыгъэр псори зэхэту, 250-м нэблагъэр. Ахэр къэрашынущ къыщагъэкIа Iуэхущlапlэу «Къэбэрдей-Балъкъэр мэз питомник» зи фIэщыгъэм. ЩIыхьэхум хэтынущ КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев Ильясрэ зи пашэ гупымрэ, республикэм и мэз хозяйствэмрэ ар хъумэнымрэ пыщIа IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэр, волонтёрхэр.

Гу лъытапхъэщ «Мэзхэр тхъумэнщ» проектыр илъэс ещанэ хъуауэ УФ-м зэрыщекIуэкIыр. А зэманым къриубыдэу, ди къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм жыгыщIэу щагъэтIысам я бжыгъэр мелуан 80-м щIегъу. ЕзыгъэкIуэкIхэм зэрыжаIэу, Iуэхугъуэм и къалэн нэхъыщхьэр, зэман кIыхьым къриубыдэу, Урысей Федерацэм и мэзхэр хъумэн, абы къыдэкIуэуи, гъэбэгъуэжын зэрыхуейм жылагъуэр егъэгупсысынырщ, хузэщIэгъэуIуэнырщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Экологие» лъэпкъ проектым «Мэзхэр тхъумэнщ» и Iыхьэр ди щIыналъэм гъэзэщIа щыхъуным хуэгъэзауэ, ди республикэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 31-м нэблагъэ гъэ дызэрытым къриубыдэу къыхуаутIыпщащ.

Апхуэдэуи, ди щIыналъэм зи гугъу тщIы проектыр щыпхыгъэкIыным хуэунэтIауэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр мэз питомник» IуэхущIапIэм щылажьэхэм республикэм и мэзхэм гъатхэ кIуам щыхасащ зи лъабжьэр иубыда жыгыщIэу мин 420-м щIигъур.



**БЭРАУ Бышэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### «Черкес хэку» газетым и редакторыщIэ

**КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. КъШР-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымкIэ и министр Кумуков Альберт и унафэкIэ, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу ягъэуващ а газетым илъэс 17 хъуауэ щылажьэ Абидокъуэ Люсанэ Алий и пхъур.**



КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист, УФ-м и Журналистхэм (2006), УФ-м и ТхакIуэхэм (2020) я зэгухьэныгъэхэм хэт Абидокъуэ (Щохъужь) Люсанэ Алий и пхъур 1974 гъэм Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ.

Черкесск къалэм дэт, Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ Педагогикэ колледжыр къиуха нэужь, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Алиев Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым филологиемкIэ и факультетым. Урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэр иIэщ. Ар илъэси 7-кIэ егъэджакIуэу лэжьащ, 2004 гъэм щегъэжьауэ «Черкес хэку» газетым щыIэщ.

И лэжьыгъэр жэуаплыныгъэ ин хэлъу зэригъэзащIэм папщIэ УФ-м Связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, Къэрал Думэм, КъШР-м и Правительствэм, ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым), Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымкIэ и министерствэм, Журналистхэм я союзым къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ ягъэлъэпIащ. 2014 гъэм «КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

2019, 2021 гъэхэм ОНФ-м иригъэкIуэкIа, «Правда и Справедливость» урысейпсо журналист зэпеуэм текIуэныгъэр къыщихьащ. 2020, 2021 гъэхэм къриубыдэу журналист гуащIафIэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Нэмыгъэса макъамэ», «Афган - 1979 - 1989» тхылъхэр. КъыдэкIыным хуэхьэзырщ «Забвению НЕ подлежит» ещанэ тхылъыр.

Унагъуэщ, бынитI иIэщ. Черкесск къалэм щопсэу.

### Сыхъумрэ Манагуарэ зэкъуэш мэхъу

**АБХЪАЗ. Абхъаз Республикэм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Кове Даур щэкIуэгъуэм и 7-м лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Никарагуам хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Монкадэ Денис. ЗэIущIэм хэтащ Никарагуам и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Ортегэ Лауреанорэ Манагуа къалэм и Iэтащхьэ Руэдэ Рейнэрэ.**



ЛЪЭНЫКЪУИТIРИ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ я фейдэ зыхэлъ зэдэлэжьэныгъэм. КъищынэмыщIауэ, Абхъаз, Никарагуа республикэхэр 2022 гъэм зэрызэдэлэжьэну щIыкIэми арэзы техъуащ. КъулыкъущIэхэм Iэ щIадзащ Сыхъумрэ Манагуарэ зэкъуэш къалэу къэлъытэным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

Абхъазым икIа лIыкIуэхэр кIэлъыплъакIуэу хэтащ Никарагуам щекIуэкIа президент, парламент хэхыныгъэхэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



## Саугъэт лъапIэр зыхуагъэфэща Къардэн Ренат

**КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и студент Къардэн Ренат Ежевский А. А. и цIэр зезыхьэ саугъэтым и лауреат хъуащ.**

ЗИ ГУГЪУ тщIы саугъэтыр зыгъэува «Росспецмаш» зэгухьэныгъэм иджыблагъэ хэIущIыIу ищIащ мэкъумэш Iэмэпсымэхэм елэжь конструктор щIалэхэр щызэпеуа зэхьэзэхуэм щытекIуахэм я цIэхэр. Ар екIуэкIащ Урысейм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту.

Саугъэтым и лауреат хъуащ КъБР-м, Приморскэ, Пермь, Краснодар, Пензэ, Кемеровэ крайхэм, Ульяновскэ, Челябинскэ областхэм икIахэу студент 11.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу зэпеуэм хэтащ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Мэкъумэш университетым и еплIанэ курсым щIэс Къардэн Ренат. Инженер щIалэм утыку ирихьащ джабэ нэкIухэм щагъэкIа хадэхэм узэрыщылэжьэну агрегатым и проект. Абы и унафэщIу щытащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Хьэжмэт Лиуан.

КъэпщытакIуэ комиссэм хэтащ мэкъумэш Iэмэпсымэхэр къыщIэгъэкIынымкIэ Урысейм щыпашэ заводхэу «Ростсельмаш», ФГУП НАМИ хуэдэхэм я лэжьакIуэхэр, УФ-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм, СМИ-м я лIыкIуэхэр. Абыхэм къалъытащ утыку кърахьа лэжьыгъэхэр иджырей зэманым хуэфащэ мэкъумэш Iэмэпсымэу.

Зэпеуэм къигъэлъэгъуащ Урысейр зыщыгугъ хъун, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ, мэкъумэш Iэмэпсымэхэм елэжьыфыну инженер щIалэгъуалэ зэрыщыIэр, абдеж дыдэми унафэ къыщащтащ зэхьэзэхуэм хэта щIалэхэр я зэфIэкIым зыщрагъэубгъуфын лэжьапIэ ягъэувыну.

Саугъэтхэр текIуахэм къыщратыжынущ Дон Iус Ростов къалэм дэт «Ростсельмаш» IуэхущIапIэм щекIуэкIыну пшыхьым.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

## Сыт «Circassia» щыфIащар?

**Дуней хъурейр зы IуданэкIэ зэпызыщIэ Интернетым и фIыгъэкIэ умыщIэ куэд къызэрыпщIэм хуэдэ дыдэу, убэлэрыгъыу ущыщыуи къохъу. И щхьэусыгъуэр къыпхуэмыщIэу, укъыщигъэуIэбжьи къыпхуохуэ.**

КЪЫЗЭРЫЩIЭКIЫМКIЭ, Инджылызым щыIэ, тхьэмбылым къыщыхьей узхэр къызэрагъэнаIуэ IэмалхэмрэIэмэпсымэхэмрэ хэгъэщхьэхукIауэ елэжь IуэхущIапIэ нэхъ инхэм я зым «Circassia» («Черкесия») цIэр зэрехьэ. Урыс-Кавказ зауэм и пэ къихуэу адыгэщIыр дунейм къызэрыщацIыхуу щыта цIэмкIэ зэджэ IуэхущIапIэм уадыгэу гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым, дауи. Ауэ сыту пIэрэ медицинэ IуэхущIапIэм апхуэдэцIэ щIигъуэтар?

«Черкесия»-р - астмэр гъэхъужыным хухэха, а узыр къызэрагъэнаIуэ Iэмалхэм хэгъэщхьэхукIауэ елэжь IуэхущIапIэщ», - дыкъыщоджэ абы и Интернет-сайтым. 2006 гъэм къызэIуаха, 2014 гъэм зи акцэхэр Лондон биржэм изыхьа «Черкесия»-р Инджылызым къыщежьами, абы къыщIигъэкI хущхъуэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ Швециеми, США-ми, Китайми ирагъашэ, щIэупщIэшхуэ яIэщ. IуэхущIапIэр нэхъ зэрыцIэрыIуэр NIOX цIэр зезыхьэ препаратымкIэщ.

«Астмэ зэуз дэтхэнэ зыми зэрыхъукIэ Iэмэпсымэ нэхъыфIхэр къыхуэгъуэту щытын хуейуэ къыдолъытэ дэ», - къегъэнаIуэ «Черкесия»-м и лэжьэкIэ мардэхэр.

Жэуап зэкIэ къызыхуэдмыгъуэтыфа упщIэр зыщ: зи гугъу тщIы «Черкесия» IуэхущIапIэр адыгэхэм я тхыдэм зыгуэркIэ пыщIа? Хъыбарыр зэбгрызытыкIа «Nart_official» инстаграм напэкIуэцIым зэрыжиIэмкIэ, «Сыт фи IуэхущIапIэм апхуэдэцIэ щIефтар?» - жаIэу щеупщIам, жэуапу кърататар мыращ: «Уз зэрыцIалэхэм пэув вакцинэр япэу къыщагупсыса хэгъэгум и цIэкIэ фIэтщащ».

«Пэжкъым», - жытIэну тегъэщIапIэ диIэкъым. «Пэжщ», - жытIэн хуэдэуи, «Черкесия» IуэхущIапIэм ихъуреягъкIэ зэкIэ зыри къыщытхуэгъуэтакъым. Ауэ пасэ зэманым щегъэжьауэ адыгэхэм уз зэрыцIалэхэм Iэмал къыхуагъуэтыфу зэрыщытам и щыхьэтхэр мащIэкъым.




«Сыту и щIыхуэшхуэ ттелъ дэ ипхъухэр дахэу къигъэнэн папщIэ, мышынэу, япэу фэрэкI узкIэ зыцIэла цIыхубзым! Сыт хуэдиз сабий къаIэщIиха абы фэрэкI узым и Iэпхъашэм», - етх XVIII лIэщIыгъуэм Кавказым щыIа франджы узэщIакIуэ Гельвеций Клод.

Адыгэхэм сымаджэр зэрагъэхъуж щIыкIэм и хъыбар гъэщIэгъуэн тхыдэм къыхинащ XIX лIэщIыгъуэм ди лъэныкъуэмкIэ къыщепсыха швейцар дохутыр Флориан Адриан Жили: «Шэч къызытехьэжын хуэмей Iуэхущ адыгэхэми шэшэнхэми удз хущхъуэхэм фIыуэ зэрыхащIыкIым ипкъ иткIэ, я уIэгъэ гъэкIыжыкIэ Iэмалхэр ди дохутырхэми къызэращтэм. Абы и щыхьэтщ полковник Эристов и Iэр пахыным Iуэхур нэсауэ и уIэгъэр е щекIуам щыгъуэ, бгырысдохутыр къраджэу, Iэр къызэрырагъэлауэ щытар».

Иджыри зы хъыбар, Жиль къыбгъэдэкIыу: «Полковник гуэрым къыщыщIар имыщIэу, жьы къыпиубыду хъуат. Европэ дохутыр зригъэплъри, гууз иIэу къыжриIащ. Абы шэч къытрихьэри, Жэрмэт зи цIэ абэзэхэ дохутырым деж кIуащ. Ар сымаджэм къеплъщ, жиIэм едаIуэри, шым игъэшэсащ, и гъусэу иришажьэри, лъэсу Iуащхьэм дришеящ. ИтIанэ къыжриIащ: «Уи европей дохутырым жепIэжынуращ: мы уэ къэпкIуар къэзыкIум гууз иIэкъым. Узгъэхъужынщ, Тхьэм жиIэмэ». Жэрмэтыр махуэ зыбжанэкIэ къыкIэлъыплъащ, мазэм и щытыкIэм елъытауэ, дауэ ущыт, сыт зыхэпщIэр жиIэу, сымаджэм къыпкърыупщIыхьурэ, икIэм-икIэжым къыжриIащ и гукъыдэжыншагъэр маркуэм къызэрыхэкIыр».

Дигу къэдгъэкIыжыпхъэщ хамэ щIыпIэ къикIа зыплъыхьакIуэхэм адыгэхэм ерыскъыкIэ зэрырамыгъэлейм къыхэкIыу, зэрыузыншэм икIи зэрылъагъугъуафIэм гу лъатэу зэрыщытар. Нэмыцэ-урыс генерал Бларамберг Иоганн абы теухуауэ етх: «Абыхэм (адыгэхэм) Iуэхуншагъэмрэ ныбэизыгъэмрэ къыдэкIуэ узхэр яIэкъым. УIэгъэхэмрэ шынхэмрэ зэрагъэхъуж Iэмалхэр къуэм адэм къыIэпихыу ящIэ».

Зи хъыбар нэгъэса дымыщIэ «Черкесия»-м ахэр къэтщIэжыну Iэмал къыдитащ. Инджылыз IуэхущIапIэм и фIэщыгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуари гува-щIэхами, наIуэ къэтщIынщ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

● Узыншагъэ

## Мастэ зэрыхаIуамкIэ щыхьэт тхылъыщIэр ягъэхьэзыр

**УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хъыбар къызэрыдигъащIэмкIэ, щэкIуэгъуэм и 8-м щегъэжьауэ ди къэралым и цIыхухэм вакцинэр зэрызыхрагъэлъхьам, ар зрахьэлIэ зэрымыхъуным е коронавирусыр къызэроузам щыхьэт техъуэ тхылъыр жыпхъэщIэм тету къаIэрыхьэнущ. Ар бзитIкIэ - урысыбзэкIи инджылызыбзэкIи - тхауэ щытынущ.**

СЕРТИФИКАТЫР тхылъымпIэм тету фиIэну фыхуеймэ, Къалэн куэд щагъэзащIэ центрым къыщыватынущ. Электрон жыпхъэр «Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр» порталым илъынущ. Ар хьэзыр хъунущ вакцинэр къыщыпхалъхьам и ещанэ махуэм щегъэжьауэ. НэхъапэкIэ къыфIэрыхьа щыхьэт тхылъхэр 2022 гъэм гъатхэпэм и 1 пщIондэ жыпхъэщIэмкIэ яхъуэжынущ.

ЩIэуэ ятыну сертификатым ар зейм теухуа хъыбар щхьэхуэ итынущ: унэцIэр, цIэр, адэцIэр, къыщалъхуар, щыпсэу щIыпIэр, щыхьэт тхылъыр щагъэхьэзыра махуэр, СНИЛС-р, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ полисыр, вакцинацэр зэрыхалъхьар. Апхуэдэу абы къыщыгъэлъэгъуауэ щытынущ медицинэ щхьэусыгъуэкIэ вакцинэр зыхебгъалъхьэ зэрымыхъунур, иIэ пIалъэр, а унафэр къэзыщта медицинэ IуэхущIапIэр хэтми.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Политик Iэзэ, цIыху гуапэ

УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым сенатору хэт, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и президент Къанокъуэ Арсен и цIэм и мызакъуэу, и щхьэкIи и IуэхущIафэкIи къацIыхуну хунэсащ езыр къыщалъхуа республикэм. Абы и гугъу щытщIкIэ ди нэгу къыщIэувэжыр ди хэку цIыкIум папщIэ зэфIигъэкIа Iуэху дахэхэрщ, КъБР-м и Iэтащхьэу лэжьэху дэтлъэгъуа Iэзагъымрэ жумартагъымрэщ. Иджырей гупсысэкIэ зиIэ, зыхуигъэувыж къалэнхэр зэрызригъэхъулIэн Iэмалхэр къэзыгъуэтыф политик Къанокъуэ Арсен УФ-м и Президентым 2005 гъэм фокIадэм и 28-м къыхилъхьэри, КъБР-м и Iэтащхьэу ягъэуват. Ар а IэнатIэм зэрыпэрыт илъэсибгъум къриубыдэу ди лъахэм исхэм я деж пщIэшхуэ къыщилэжьащ, и Iулыджыр щызэфIэуващ, и зэфIэкIыр къэрал псом къыщалъытащ. Урысейм ис эксперт-политолог куэдым жаIэрт Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Iэтащхьэу щIагъэувар экономист-Iуэхузехьэ лъэщу, абы и лъэныкъуэкIэ зэфIэкI къызэрымыкIуэ бгъэдэлъу зэрыщытыр арауэ. Пэж дыдэуи, абы щыхьэт техъуащ Къанокъуэм УФ-м и хэгъэгу нэхъ къыкIэрыхухэм ящыщыр илъэс зыбжанэм къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ пашэ зэрыщищIар. КъБР-м и УнафэщIу щагъэува махуэм щегъэжьауэ ар иужь ихьащ республикэм и экономикэм зегъэужьыным, инвестицэхэмрэ иджырей технологиехэмрэ къигъэсэбэпкIэрэ, туризмэм зегъэубгъуным, мэкъумэш IэнатIэмрэ промышленностымрэ егъэфIэкIуэным.

Ахэр зригъэхъулIэфын папщIэ зыхуей псори - зэфIэкI, щIэныгъэ, лэжьыгъэм и пIалъэ, жыджэрагъ - иIэт абы. Къанокъуэ Арсен къиухащ Плеханов Г. В. и цIэр зэрихьэу Москва дэт цIыхубэ хозяйствэмкIэ институтым и сату-экономикэ факультетыр. Экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ. Экономикэ щIэныгъэхэмрэ хьэрычэтыщIэ IуэхухэмкIэ академием, Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ академием я действительнэ членщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академикщ. Къанокъуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ рыночнэ экономикэм и хабзэхэм теухуа монографие, тхыгъэ зыбжанэ.

КъБР-м и Iэтащхьэу зэрылэжьа зэманым къриубыдэу Къанокъуэ Арсенрэ абы и унафэм щIэт гупымрэ куэд къайхъулIащ республикэм и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным епхауэ. Ар и фIыгъэщ жылагъуэм и гъащIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэзу гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэхэр, республикэм зэрызиужьыну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ къэрал властым и органхэм къапэщыт къалэнхэмрэ IупщIу зэхигъэкIыу, япэ игъэщыпхъэхэр игъэнаIуэурэ зи къалэнхэм пщэрылъ зэращищIым.

Къанокъуэ Арсен сыт щыгъуи хеубыдэ политикхэм, экономистхэм я лъэщагъыр къыщапщытэ рейтингхэм, къищынэмыщIауэ, хэгъэгу Iэтащхьэхэм хуащI пщIэмрэ ябгъэдэлъ зэфIэкIымрэ зыхуэдизыр къызэрагъэлъагъуэ рейтингми зыбжанэрэ и пашэ хъуащ КъБР-м и Iэтащхьэу щытыху. Иджы ар Урысейм и политик пщIэ нэхъ зыхуащIхэм ящыщщ.

Ахэр бжыгъэ, гулъытэ къызэрыгуэкIыу зэрыщымытым щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щыщыта лъэхъэнэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм нэрылъагъуу къапэкIуа ефIэкIуэныгъэр. Къапщтэмэ, мэкъумэшхэкI къыщIэгъэкIынымкIэ 2010 гъэм КъБР-р КИФЩI-м пашэ щыхъуащ. Социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ инвестпроектхэр къызэригъэсэбэпамрэ къапэкIуащ лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар, республикэм ику иту щат улахуэм, пенсэхэм зэрыхэхъуар, ухуэныгъэщIэхэр, Iуэху дахэхэр.

Республикэм зиужьыным хьэлэлу зэрыхуэлэжьам папщIэ, Къанокъуэм къыхуагъэфэщащ Зэныбжьэгъугъэм и Орденыр (2007 гъэ), «Хэкум и щIыхь» орденыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр (2010 гъэ), «Мамырыгъэмрэ псапэ зыпылъ Iуэхухэмрэ папщIэ» дыщэ медалыр (2008 гъэ).

Къанокъуэ Арсен и жумартагъыр цIыхубэм ягъэунэхуащ псапэу ищIэмкIэ, махуэшхуэхэр, Iуэху дахэхэр къызэгъэпэщыным и мылъку зэрыхилъхьэмкIэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, абы и жэрдэмкIэ, езым и ахъшэкIэ иригъэщIащ Налшык къалэм дэт мэжджытыр, КъБР-р езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Мемориальнэ аркэр, Кавказ зауэжьым хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъыр, «Интурист» хьэщIэщыр, «Эльбрус» шхапIэр иджырей мардэм изагъэу зэригъэгъэпэщыжащ. ЗэрыжытIагъэххэщи, зызыщIигъэкъуа, зыдэIэпыкъуа цIыхухэм я бжыгъэр къэлъытэгъуейщ.

Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм и гъащIэр Iуэху зэхуэмыдэхэмкIэ гъэнщIащ - и гуфIэгъуи и нэщхъеягъуи дигуэшу, диIыгъыу абы къыдогъуэгурыкIуэ и щхьэгъусэ ФатIимэ, псапэу ищIэмкIэ республикэм къыщацIыхуа бзылъхугъэ гуакIуэр. Апхуэдэуи я ехъулIэныгъэхэм иригушхуэу бынищ зэдапI. А псори щыхьэт тохъуэ, Арсен политик, жылагъуэ лэжьакIуэ щэджащэу зэрыщытым нэмыщIи, и унагъуэ дахэмкIи зэрыщапхъэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



# Хуабэмрэ нэхумрэ зэтезыIыгъэхэр

## Нобэ Энергиер зэгъэзэхуэным и дунейпсо махуэщ

**SPARE зэгухьэныгъэм и къэрал зэхуаку зэхыхьэу 2008 гъэм и мэлыжьыхьым Къэзахъстаным щекIуэкIам къыщащтат International Day of Energy Saving Iуэхур гъэ къэс щэкIуэгъуэм и 11-м гъэлъэпIэнымкIэ унафэр.**

МЫ махуэр теухуащ энергием и къэунэхукIэу цIыхухэм къагупсысахэмрэ щIыуэпсым къыбгъэдэкIауэ къагъэсэбэпхэмрэ зэгъэзэхуауэ зрахьэлIэн зэрыхуейм хуэгъэзауэ, властыр зыIыгъхэми, жылагъуэми ялэжьыпхъэхэм гу лъегъэтэным.

ЖыпIэнур арамэ, ЩIы Хъурейм тет къэрал псоми, Урысей Федерацэри абыхэм яхэту, щагъэлъапIэ Энергиер зэгъэзэхуэным и дунейпсо махуэр. Абыхэм щрагъэкIуэкI зи гугъу тщIы Iуэхум ехьэлIа зэхыхьэхэр, семинархэр, еджапIэхэм гъэлъэгъуэныгъэхэр, дерсхэр къыщызэрагъэпэщ.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, зи гугъу тщIы къэралхэм яхэтщ энергиер зэрызэрагъэзахуэ технологиещIэхэр къэгупсысынымкIэ псом япэ ищахэр. Апхуэдэхэм я деж Германиер щынэхъ пашэщ. Абы и щIыналъэм куэд дыдэу къыщагъэсэбэп жьы къепщэм и лъэщагъкIэ лажьэу зи бжыгъэр мин 20-м щIигъу, псори зэхэту мегаватт мин 24-м нэблагъэ къэзыгъэIурыщIэ генераторхэр. КъызэрабжамкIэ, ар а къэралым электрокъарууэ къыщыщIагъэкIым и Iыхьэ щанэщ. Мы хэкум апхуэдэуи гулъытэ ин щыхуащI дыгъэм и бзий гуащIэр зэхуэзыхьэс батареехэр гъэлъэщынми. Псалъэм папщIэ, Берлин къалэшхуэм дэт IуэхущIапIэхэм я щхьэхэм зи гугъу тщIы Iэмэпсымэхэм хуэдэу трагъэувам, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэу мини 100-м нэблагъэ къызэщIаубыдэ.

Къыхэбгъэщ зэрыхъунумкIи, Европэмрэ Скандинавиемрэ хыхьэ къэралхэм я нэхъыбэм илъэс куэд щIауэ къыщагъэсэбэп хуабэмрэ нэхумрэ щызэтезыIыгъэ технологиехэу ухуэныгъэм къыхуагупсысахэр. Нэхъ жыжьэу дыIэбэрэ Японием и гугъу тщIымэ, энергиер зэгъэзэхуэным теухуа политикэ а къэралым 1973 гъэ лъандэрэ щокIуэкI: зи гугъу тщIа Iуэхум хуэлажьэрэ хуэщхьэпэу, унэхэм я ухуэкIэм зэхъуэкIыныгъэщIэхэр халъхьэ, цIыхухэм ущииныгъэ дерсхэр драгъэкIуэкI.

Дызэрыщыгъуазэщи, иужьрей зэманым унагъуэхэм, IуэхущIапIэхэм, цIыху щхьэхуэхэм техникэ зэмылIэужьыгъуэу къагъэсэбэпхэм, я Iэмыщlэ илъ компьютерхэм, гаджетхэм, нэгъуэщIхэми я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Абы щыгъуэми, а Iуэхум дыкъэзыухъуреихь дунейм зэраныгъэ ин къызэрыхуихьри нэрылъагъущ.

А псом къыхэкIыуи, Энергиер зэгъэзэхуэным и махуэ зыфIащар зэрыщыIэр ягу къагъэкIыжу, унагъуэхэм исхэм, зэныбжьэгъухэм щхьэусыгъуэфI яIэщ, нэгъуэщI мыхъуми, зы пщыхьэщхьэ закъуэкIэ, телефонхэр, компьютерхэр, телевизорхэр ягъэункIыфIу, уэздыгъэ нэфхэмкIэ зэщIэгъэнэхуа пэш кIуэцIхэм зэдыщIэтIысхьэу, я зэхуаку дэлъын хуей гу хуабагъэр, зэгурыIуэр ягу къагъэкIыжу ахэр зыхащIэну.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# Псалъэмакъ щхьэпэ

**Урысейм и ФСИН-м и къудамэу КъБР-м щыIэм епха еплIанэ колонием дин лэжьакIуэхэр кIуащ «Дин зэмылIэужьыгъуэхэр щызэдэлажьэ тхьэмахуэм» ипкъ иткIэ.**

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 27-м щегъэжьауэ щэкIуэгъуэм и 3 пщIондэ, КъБР-м и УФСИН-м иригъэкIуэкIащ «Дин зэмылIэужьыгъуэхэр щызэдэлажьэ тхьэмахуэ». Хабзэм зэребэкъуам къыхэкIыу тезыр зытралъхьахэр щаIыгъ колониехэм дин лэжьакIуэхэр кIуэри, абы щаIыгъхэм уазхэр иратащ. Тезыр щапшын апхуэдэ псэупIэхэм мыхъумыщIагъэ, щIэпхъаджагъэ, лъэпкъ е дин зэтемыхуэныгъэм къишэ зэпэщIэтыныгъэ къыщамыгъэхъун щхьэкIэщ дин лэжьакIуэхэм зэманзэманкIэрэ колониехэм къыхуеджэны-гъэ лэжьыгъэ щIыщрагъэкIуэкIыр.

УФСИН-м епха еплIанэ колонием щыIащ Прохладнэ къалэм щыIэ Свято-Никольскэ члисэм и лэжьакIуэ Маршалкин Андрейрэ Еремеев Алексейрэ, КъБР-м и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Амщыкъуэ Анжелэ. ХьэщIэхэм зэIущIэм къекIуэлIахэм жраIэжащ щэныфIагъым ухуэзыущий хъыбархэр, дин дауэдапщэхэм яхутепсэлъыхьащ, фIэщхъуныгъэм хащIыкIыр здынэсыр ирагъэлъагъужын папщIэ, викторинэ ягъэджэгуащ.

Щхьэж зыхыхьэ дин къудамэм елъытауэ, бзылъхугъэхэр зыщIэупщIа псоми жэуап иратащ дин лэжьакIуэхэм. Дэтхэнэ зыми адрейм пщIэ хуищIын зэрыхуейр, ар цIыхубэ зэхэтыкIэм и лъабжьэу зэрыщытыр къызэрыгурагъэIуэным иужь итахэщ. Тыгъэ папщIэу, хьэщIэхэм IуэхущIапIэм и библиотекэм щIалъхьащ диным теухуа тхылъхэмрэ фильмхэмрэ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# ЩIэрыщIэу хахыж

**Бахъсэн къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм къалэ тхьэмадэр къыхэхынымкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм и кIэлъыплъакIуэ гупым и иужьрей зэIущIэр екIуэкIащ.**



КЪАЛЭ тхьэмадэм и IэнатIэм пэрыувэну хущIэкъухэм я зэхьэзэхуэ екIуэкIам щытекIуар Мамхэгъ Хьэчимщ. Абы и цIэр къизыIуари, зэхьэзэхуэм хыхьэну къыхуезыджари Бахъсэн къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ щыIэ и Советырщ. Ар илъэситхукIэ къалэм и унафэщIу щытыну щIэрыщIэу хахыжащ.

Мамхэгъ Хьэчим 1975 гъэм Хьэсэнбийкъуажэ (Куба) къыщалъхуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьищ зригъэгъуэтащ: УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм Краснодар къалэ щиIэ и академиер, Мэзкуу дэт къэрал индустрие университетыр, Мэзкуу дэт, Iэпкълъэпкъым зезыгъэужь щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, щIалэгъуалэмрэ туризмэмкIэ къэрал университетыр къиухащ.

1996 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм щегъэжьауэ 2009 гъэм и дыгъэгъазэ мазэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм щылэжьащ.

ИужькIэ 2011 гъэм и фокIадэ мазэ пщIондэ, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ къуэкIыпIэ бэнэкIэ лIэужьыгъуэхэм щыхуагъасэ хэгъэгу еджапIэм и унафэщIу щытащ.

АдэкIэ 2014 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм нэс япэщIыкIэ КъБР-м спортымкIэ, туризмэмрэ курорт IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэу, итIанэ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэу щытащ.

2014 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм къыщегъэжьауэ 2015 гъэм и мазае мазэм нэс Бахъсэн къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщIым и къалэнхэр игъэзэщIащ.

2015 гъэм и мазае мазэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым Бахъсэн къалэм и Iэтащхьэщ.

«Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и II нагъыщэр, Зэрихьа хахуагъэм папщIэ медалитI, къэрал хабзэр хъумэным къызэрыхэжанык1ам папщIэ медалыр, IэнатIэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэм папщIэ УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и медалыр.

Мамхэгъым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, КъБР-м и Парламентым, УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр, лэжьыгъэм хилъхьэ гуащIэм фIыщIэ хуищIу КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI ФIыщIэгуапэ тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

Мамхэгъ Хьэчим Урысейм Iэпщэрыбанэ спортымкIэ и мастерщ, бэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я мастерщ, Урысейм щIыхь зиIэ и тренерщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэпкълъэпкъым зегъэужьынымкIэ щэнхабзэмрэ спортымрэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

БлэкIа пIалъэм къигъэлъэгъуащ Бахъсэн къалэм зиужьынымкIэ, ар зэIузэпэщ щIынымкIэ Мамхэгъыр и зэфIэкIым зэремыблэжыр. Дзыхь къыхуащIу а IэнатIэр къыщыхуагъэфэщэжакIэ, шэч хэлъкъым, адыгэ щIалэм къалэм и экономикэм, и щэнхабзэм, и жылагъуэ дунейм зэрызригъэужьынум, зэрыригъэфIэкIуэнум.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Лэжьыгъэшхуэ къызэзынэкIа



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ Мэшыкъуэ Хьэсэнбий Инал и къуэр дунейм зэрехыжар.**

МЭШЫКЪУЭ Хьэсэнбий къыщалъхуа Дзэлыкъуэ районым къыщыщIидзэри, республикэм къэрал къулыкъу зэхуэмыдэхэр щрихьэкIащ.

2002 гъэм щегъэжьауэ Мэшыкъуэм и лэжьыгъэр епхауэ щытащ республикэм и мэз хозяйствэм. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэнатIэм и унафэщI къалэныр ирихьэкIкIэрэ абы хузэфIэкIащ лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэригъэхьэн. ЩIэныгъэ къэхутэныгъэщIэхэр IэнатIэм къыщигъэсэбэпыным, мэз хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным, гъэбэгъуэным сытым дежи гулъытэ хуищIырт. Ар къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, зэфIэкI лъагэ зиIэ, зыпэрыт Iуэхум Iэзагъышхуэ къыщызыгъэлъагъуэ IэщIагъэлI нэсу щытащ.

Мэшыкъуэ Хьэсэнбий техникэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, Санкт-Петербург дэт, ЩIэныгъэмрэ гъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием хэтщ. Хьэсэнбий КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и XII зэхуэсыгъуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и япэ хэхыгъуэм я депутату щытащ.

ЩIэныгъэлIым, IэщIагъэлI пашэм и IуэхущIафэхэри гулъытэншэу къэнакъым. И IэнатIэм жыджэру зэрыпэрытым, мэкъумэш хозяйствэ IэнатIэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ «КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр (2000 гъэ), республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм илъэс куэдкIэ хьэлэлу зэрыщылэжьам къыхэкIыу КъБР-м и Правительствэм и щIыхь тхылъыр кърагащ (2005 гъэ), и къалэнхэр егугъуу зэригъэзэщIам, хьэрычэт хэлъу зэрыщытам ипкъ иткIэ Ипщэ федеральнэ щIыналъэм мэз хозяйствэмкIэ и департаментым и щIыхь тхылъымкIэ, къищынэмыщIауэ, Урысейм и мэз хъугъуэфIыгъуэхэр гъэбэгъуэным и къаруи и гуащIи зэрыхилъхьам къыпэкIуэу Мэз хозяйствэмкIэ федеральнэ агентствэм и щIыхь тхылъымкIэ ягъэпэжащ.

«Мэшыкъуэ Хьэсэнбий IэнатIэм щиIа фIыщIэхэр, абы и фэеплъ нэхур дэ зэи тщыгъупщэнукъым икIи абы и унафэм дыщIэту дызэрылэжьам дригушхуэнущ», - жаIэ министерствэм и лэжьакIуэхэм.

# Дунейм щыхъыбархэр

## IэпхъуэшапхъуэхэрПольшэм ирагъэхьэркъым

**Белоруссиемрэ Польшэмрэ я гъунапкъэм деж Iэпхъуэшапхъуэхэр зэрыщызэтрихьэм, ахэр я щIыналъэхэм изэрыгуэнкIэ зэрыхъунум егъэгузавэ къэралитIым я унафэщIхэр. Уеблэмэ Польшэм и дзэхэр гъунапкъэм къришэлIащ, я щIым къихьэну хуежьэмэ, IэщэкIэ зэрапэувынум хуэхьэзыру.**

ПОЛЬШЭМ Белоруссиер егъэкъуаншэ цIыхухэр зэрызэтримыIыгъэмкIэ. Иужьрейм и президент Лукашенкэ Александр и жэуапри игъэгувакъым: «Езыхэр Европэм кIуэну хуейуэ мэпабгъэ икIи ахэр дэ къызэрызэтедгъэувыIэн къаруи мылъкуи дбгъэдэлъкъым, КъухьэпIэм и санкцэхэм даунэщIащи». Мыдрейуэ, къэралым и гъунапкъэхъумэхэм мызэ-мытIэу жаIащ Iэпхъуэшапхъуэхэр Литвам, Польшэм, Латвием залымыгъэкIэ кърахуурэ Белоруссием къызэрагъакIуэр.

Азиемрэ Африкэмрэ къикIа цIыху минитIым щIигъу Iутщ гъунапкъэм мы зэманым. Абыхэм цIыхубзхэмрэ сабийхэмри куэду яхэтщ. Польшэм и хабзэхъумэхэр абыхэм къапэуващи, гъунапкъэр зэпрагъэупщIыркъым. ГъущI кIапсэ банэм щхьэпрыпщыну ебгъэрыкIуахэри яхэтщ Iэпхъуэшапхъуэхэм.

ЩIыналъитIым я зэхуаку къыдэхъуа къаугъэм теухуа и Iуэху еплъыкIэр къигъэлъэгъуащ УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей.

«ЩыIэ хъуа гугъуехьхэм хэкIыпIэ тэмэм къахуэгъуэтын хуейщ, дунейпсо гуманитар хабзэхэр и лъабжьэу. КъимыдэкIэ, гулъытэ хуэщIын хуейщ а щытыкIэр къызыпкърыкIами. Абы и лъабжьэр къухьэпIэ къэралхэм, абы НАТО-мрэ Европэ зэгухьэныгъэмрэ хэтхэри хыхьэу, илъэс куэдкIэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ ищхъэрэ Африкэмрэ яхуэгъэзауэ ирагъэкIуэкIа политикэрщ, езыхэм я псэукIэ мардэхэм, нэхъыфIу къалъытэжхэм, а хэкухэм щыпсэухэр трагъэувэн мурадыр яIэу ирагъэкIуэкIа Iуэхухэрщ».

Министрым апхуэдэу къыхигъэщащ мы Iуэхур утепсэлъыхьу зэбгъэтIылъэкIыж хъунухэм зэращымыщыр, абы цIыху минхэм я гъащIэр зэрелъытар.

## Сабии 126-м адэ-анэ яхуэхъуахэр

**Урысейм цIыхухэр зэрыщабжым кърикIуэхэр зэхэзылъхьэжхэм гу лъатэ зыпэмыплъа Iуэху гъэщIэгъуэнхэм. Псалъэм папщIэ, Кемеровскэ областым къыщагъуэтащ япIыну сабии 126-рэ къэзыщта унагъуэхэр зыдэс къуажэр.**

ПСОРИ къыщежьар 2000 гъэхэм я пэщIэдзэрщ. Кузбассым щыщ Топкинскэ щIыналъэм хыхьэ Бархатовэ къуажэм щыщ зэныбжьэгъу цIыхубзипщIым мурад ящIащ сабий зеиншэ 47-рэ зрашалIэу япIыну. А щIыпIэм щыIа сабий унэр зэхуащIыжри, зеиншэхэр екIуэлIапIэншэу къэнат.

КъыхэтхыкIыным епха Iуэхухэр зэфIэзыгъэкIахэм зэрыжаIэмкIэ, 2010 гъэм къуажэм дэсар цIыху 247-рэщ. Иджыпсту жылэр зи Iуэху нэхъ дэкIхэм ящыщщ, сабийуэ къыдэхъуэр нэхъыбэ зэрыхъум и фIыгъэкIэ.

Къапщтэмэ, а жылэм щыщ, илъэс 62-рэ зи ныбжь Фадюшинэ Татьянэ 2011 гъэм, езымрэ и щхьэгъусэмрэ бынищ яIэу, тегушхуэри сабий цIынэ къыIахат. ИужькIи мызэ-мытIэу трагъэзащ зеиншэхэр здэщыIэ унэм икIи унагъуэм сабий 20 ис хъуащ.

ЦIыхубзым и къуэ Сергей и адэ-анэм я щапхъэм ирикIуэри, езыми къыIихащ сабийхэр. Щапхъэ дахэр лъэщкъэ - Фадюшинхэ я унагъуэ дахэм, къакъэпщIыпщIу зэхэс бынхэм я гъунэгъухэри къуажэгъухэри ехъуапсэурэ куэдым къыIахащ бынхэр икIи жылэм кIуэ пэтми зиужьыным а Iуэхури хуэщхьэпащ.

**ЩэкIуэгъуэм и 11, махуэку**

- ✦**Энергиер зэгъэзэхуэным и дунейпсо махуэщ**
- ✦**Щэхуэным и дунейпсо махуэщ**
- ✦**Урысейм щагъэлъапIэ Экономистым и махуэр**
- ✦**Япэ дунейпсо зауэр щиуха махуэщ.** Ар екIуэкIащ 1914 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къыщыщIэдзауэ 1918 гъэм щэкIуэгъуэм и 11 пщIондэ икIи къалъытэ къэрал нэхъыбэ дыдэ зыхэта зауэхэм ящыщу.
- ✦**1990 гъэм** дунейм къытехьащ «Российская газета»-м и япэ къыдэкIыгъуэр.
- ✦**1908 гъэм** къалъхуащ полковник, Бэракъ Плъыжь ордену 6 зрата **Шемякин (Къардэн) Михаил.**
- ✦**1917 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь, генерал-майор **Къардэн Къубатий.**
- ✦**1920 гъэм** къалъхуащ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, балетмейстер **Гальперин Григорий.**
- ✦**1937 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Жанджэрий Юрий.**
- ✦**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Хьэмыкъуэ Владимир.**
- ✦**1958 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэмбэчокъуэ Iэдэм.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 12, мэрем**

- ✦**ФIагъым и дунейпсо махуэщ**
- ✦**Пневмонием (тхьэмбыл узым) ебэныным и дунейпсо махуэщ**
- ✦**Урысейм и ХъумапIэ банкым и лэжьакIуэм и махуэщ**
- ✦**Урысейм шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и IэщIагъэлIым и махуэщ**
- ✦**1472 гъэм** Урысейм и Гербыщ1эр - щхьитI зыфIэт бгъэр зытетыр - къащтащ.
- ✦**1936 гъэм** къалъхуащ пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Еленэ.**
- ✦**1937 гъэм** къалъхуащ Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, философием и доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, томий хъу «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуазэр» хьэрыпыбзэкIэ къыдэзыгъэкIа **Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьер.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Ахъшэр зэрыпIэщIэкIыным пылъщ.**

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэр, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ хасэхэр хуогузавэ «Адыгэ псалъэ» газетым сурэтыщIу щылэжьа, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ **Мэлбахъуэ Мадинэ Владимир и пхъум** абы и анэ **Мэлбахъуэ Ленэ Хьэзрит и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Корвалан БуковскэмкIэ къызэрахъуэжар



**XX лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм генерал Пиночет зи Iэтащхьэ фашист хунтэм къэрал властыр иубыда иужькIэ Чилим и коммунист партым и пашэ Корвалан Луис лъэхъуэщым иргъэтIысхьащ. Ар игу техуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым дуней псом и коммунист зэщIэхъееныгъэм и унэтIакIуэ Совет Союзым икIи политикэ диссидент Буковский ВладимиркIэ Корвалан къахъуэжыну унафэ къащтащ.**

### Пиночетщ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIар

- Корвалан къахъуэжынымкIэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIар ар зыгъэтIысаа езы генерал Пиночетщ, - игу къегъэкIыж КПСС-м и ЦК-м и Хамэ къэрал къудамэм и лэжьакIуэу щыту а Iуэхум а зэманым хуууэ хэта Рыбалкин Игорь. - Вашингтон щыIэ и лIыкIуэм и пщэ ирилъхьащ абыкIэ америкэнцхэм епсэлъэну. США-м ар къалэн зыщищIыжа къэрал секретарым и дэIэпыкъуэгъу Шлаудерман Гарри дыдейхэм запищIащ икIи дзэзахуэжыну дызэгурыIуащ.

А лъэхъэнэм дунейпсо хабзэхъумэ зэщIэхъееныгъэр ирипIейтейрт Буковскэр Совет Союзым зэрыщагъэтIысам икIи абы ехьэлIауэ псалъэмакъ куэд къухьэпIэмкIэ щрагъэкIуэкIырт. Аращ абыкIэ къахъуэжыну щIытраухуари. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, Буковскэм и закъуэу къэралым икIын идэртэкъым: тригъэчыныхьырт и анэмрэ и шыпхъум и къуэ сымаджэмрэ къызэдищтэну.

1976 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м Чкаловск кхъухьлъатэтIысыпIэм ахэр ирашэлIащ. Андроповым и кхъухьлъатэр яритри, Буковскэмрэ абы и гъусэхэмрэ ирашэжьащ.

Зэхъуэжыныгъэр Швейцарием щекIуэкIыну прессэм нэхъ пасэу хъыбар IэрыхьакIэт. А махуэ дыдэм Мэзкуу илъэтыкIыу Женевэ къыщытIысырт «Аэрофлот»-м и зи чэзу рейс. АбыкIэ яунэтIащ журналистхэм. Мыдрейхэр зыми ямыщIэу Цюрих къыщетIысэхащ.

Унафэ щыIэт зэхъуэжыр зэуэ ирамыгъэкIуэкIыну. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Буковскэр Iуашын хуейт, Корвалан къэмыс щIыкIэ.

КъызэрытIысу Буковскэмрэ абы и гъусэхэмрэ америкэ ныпхэр зытет автомашинэхэм ирагъэтIысхьащ. КъыкIэлъыкIуэу совет дипломатхэм къыжраIащ ар кхъухьлъатэтIысыпIэм трамышауэ зэхъуэж зэрыщымыIэнур. Iуэхур тэмэму зэфIагъэкIа иужькIэщ США-м и лIыкIуэм и машинэм исуу Корвалан абы и щхьэгъусэмрэ къыщыIуашар.

### Брежневым и нэпсхэр

Дыгъэгъазэм и 18-м зэхъуэжащ, къыкIэлъыкIуэ махуэм КПСС-м и ЦК-м и генеральнэ секретарь Брежнев Леонид и ныбжьыр илъэс 70 ирикурт. Абы ирихьэлIэу Мэзкуу яшэмэ, юбилярым нэхърэ Корвалан гулъытэ нэхъыбэ игъуэтыну къулыкъущIэхэм къалъытащ - ар Леонид Ильич и жагъуэ хъунут. Арати, Минск къыщызэтеувыIэну траухуащ. Абы хуэфэщэн пщIэ лъагэхэр щыхуащIу дыгъэгъазэм и 23 пщIондэ Чилим и коммунист партым и пашэр щыIащ, Мэзкуу яшэну унафэ къаIэрыхьэху.

Къалащхьэм къызэрыщетIысэхыу Горькэм и цIэкIэ щыIэ уэрамым хьэщIэр яшэри, абы щыхухаха фэтэрым щIагъэтIысхьащ. Мыгувэу Кремлым нагъэсащ. И кабинетым къыщIаша Корвалан къыщилъагъум, Брежневым и гур къызэфIэнэри, и нэпсхэр къыфIекIуащ.

Чилим щыщ хьэщIэ лъапIэр зыхуеину псомкIи Мэзкуу къыщызэрагъэпэщащ. ЗыщIагъэтIысхьа фэтэрым къищынэмыщIа, абы дачэ бэлыхь хухахащ, езым зэрыфIэфIым хуэдэу лыр дзасэкIэ щигъэжьэфын, хьэщIэхэр щригъэблэгъэфын хуэдэу.

Апхуэдиз хьэщIагъ кIэлъызэрахьэ пэтми, и хэкум игъэзэжыну зэрыхуейр 1980 гъэм и пэщIэдзэхэм Корвалан зэпхигъэIукIыу щIидзащ. Абы къыхэкIыу 1983 гъэм Политбюром унафэ щхьэхуэ къищтащ, ар Чилим зэрагъэIэпхъуэжынум хуагъэхьэзырыну хуит ищIу.

### Чилим зэрагъэIэпхъуэжар

Корвалан Луис паспорт нэпцI хузэрагъэпэщащ. Иджы ар Колумбием щыщ профессорт, и цIэ-унэцIэри нэгъуэщIт.

Клиникэ сымаджэщ нэхъыщхьэм щIагъэгъуалъхьэри, пластикэ операцэ ящIащ. Дохутыр Iэзэ Шмелёв Александр Корвалан и пэ Iушэр иузэхуащ, зэлъа и нэщIащхэр ишэщIыжащ.

А псори зэфIэкIри, ар Чилим ягъэIэпхъуэжыным яужь ихьащ. ЯпэщIыкIэ Аргентинэм щетIысэхмэ нэхъыфIу къалъытащ, абы уикIыу Чилим уихьэну нэхъ тыншти. Лъагъуэхэр захагъэзэрыхьын папщIэ, Корвалан Венгрием яшащ, Будапешт - Буэнос-Айрес рейсым ирагъэтIысхьэн хуэдэу. Абы и гъусэу кхъухьлъатэм исынухэр щызэпщытащ, Чилим и коммунист пашэр фIы дыдэу къэзыцIыху америкэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Дин Рид яхэту къыщIэкIащ. ХэкIыпIэ къэгъуэтын хуейт. Корвалан и нэкIум и теплъэр нэгъуэщIт, жьакIэ игъэкIат, и щхьэцхэри нэгъуэщIу ялат, ауэ ар абы къимыцIыхужынкIэ зыри шэсыпIэ иувэфынутэкъым.

Дин Рид къухьлъатэм къызэрихьэу КГБ-м щыщ щIалэхэм ар къаухъуреихьащ. УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм зэрыхуэзам и саулыкъукIэ «абы и зэфIэкI телъыджэм и телъхьэхэм» бжьитIщы къырагъэхьащ икIи «пищIыкIыхукIэ» ирагъэфащ. А псом иужькIэ Буэнос-Айрес нэсыхункIэ Дин Рид къэмыушу жеящ.

Дауи, Корвалан Луис Чилим гъэпщкIуауэ щыпсэуащ. ИлъэситI дэкIри, 1985 гъэм, абы аргуэру СССР-м къигъэзэжащ. И узыншагъэр щызэIыхьэм ди дохутырхэм и гъащIэр кърагъэлащ.

Ягъэхъужа иужькIэ нэхъапэм хуагъэхьэзыра документ дыдэхэмкIэ Чилим ягъэкIуэжащ. Куэд дэмыкIыу Iэмал къыхукъуэкIащ икIэм-икIэжым подпольем къикIыу паспорт тэмэм зригъэгъуэтыжыну - абы и хэкум демократиер щытекIуащ.

И ныбжьыр илъэс 90-м щIигъухукIэ Корвалан Луис Чилим щыпсэуащ. И акъылыр нэхуащ, узыншагъэр тэмэмащ. Жьыщхьэ махуэ хъуауэ благъэ, Iыхьлыхэм яхэсащ, ныбжьэгъухэр, цIыхугъэхэр куэду къыкIэлъыкIуащ. И къарум къигъэгугъэри и гъащIэр къызэрекIуэкIам теухуа тхылъ Iув итхыжащ.

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

## ХуумыгъэкIуэтауэ пхуэзэтегъэувэнукъым

**Официальнэ статисткэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, зы километр зи кIыхьагъ гъуэгу тралъхьэн папщIэ Урысейм доллар мелуани 10 - 15 щытокIуадэ. Европэм и адрей къэрал псоми - нэхъыбэ дыдэу доллар мелуани 3!**

АБЫ ЩЫГЪУЭМИ, къапщтэмэ, Германием и автобанхэм псым уесым хуэдэу урокIуэ. Ди гъуэгухэр, уеблэмэ яухуагъащIэхэр, кумблIэмбщ, «зэхэдыжыхьыжащ». ЩхьэусыгъуэмкIэ щыщIэупщIэм, илъэс 200 и пэкIэ урысей тхыдэтх цIэрыIуэ Карамзин Николай ита жэуапым ноби зихъуэжакъым: «Зэхадыгъуэ».

Нэхъапэм къэрал мылъкур цIыху щхьэхуэхэм зэралъэфалIэми къафIэIуэщэтэкъым - щIыдагъэм къыпэкIуэ доллархэр уафэм къехуэхым хуэдэт икIи зы мелард модэкIэ кIуами, зы мелард адэкIэ кIуами зэрызыхащIэ щыIэтэкъым. Иджы, дунейпсо кризисым и лъэхъэнэм, дэтхэнэ зы кIэпIейкIэри ябжын хуей хъуащ.

Экономикэм зиужьын папщIэ лъэхъэнэ хьэлъэм къэрал корпорацэхэр къызэрагъэпэщауэ щытащ. Къапщтэмэ, «ЖКХ-р реформэ щIыным зыщIэгъэкъуэнымкIэ фонд». Псыр зэрыкIуэ, тхьэщIэпсыр зэрыIуаш бжьамийхэр зэхъуэкIыныр абы мылъкукIэ къызэригъэпэщын хуейщ. АрщхьэкIэ, унэхэр къызэтекъутэми, бжьамийхэр зэхэулъиихьауэ лэжьыгъэр я щхьэм къэс пэтми, мыхэр псом япэу зи яужь ихьар улахуэмрэ саугъэтхэмрэ зэрызэтрагуэшэнырщ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ЖКХ-м и фондым и унафэщI Цицин Константин илъэсым улахуэу сом мелуан 16,5-рэ зыхуигъэувыжащ, адрейхэри абы къызэрыкIэрыху щыIэкъым.

Хьэлэмэтращи, Генеральнэ прокуратурэм дагъуэ къахуищIа иужькIи корпорацэр арэзы зытехъуар 2009 гъэм щыIэну саугъэтхэр зэрагъэмэщIэнырщ, нэгъабэрей хэхъуэхэр зэрыщыту къахуэнэжу. Пэжщ, зекIуэ хабзэхэм тепщIыхьмэ, ахэр захуэщ. Ауэ напэ гуэр щыIэн хуейкъэ?!

Къэрал мылъкур зэрагъэзахуэу Урысейм щесакъым. Мыхьэнэ иIэкъым: ахъшэр мащIэу бгъэкIуэдмэ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым абыи кIэраудынущ. Аращи, «бюджетыр гъэзэщIэн» гупсысэр къулыкъущIэхэм я щхьэм быдэу итIысхьащ.

Бюджет ахъшэр щIыпIэхэм щыIэ къулыкъущIэхэми зэрагъэзахуэркъым.

- Бюджетым къигъэува проектым ипкъ иткIэ баскетбол щыджэгу щIыпIэм сом мелуанитI трагъэкIуадэри ди щIыналъэм щаухуащ, - жеIэ Владимир областым щыщ хьэрычэтыщIэм. - Сэ ар нэхъыфIыжу зы мелуанкIи сщIынт. Ухуэныгъэм хуаутIыпща мылъкум и нэхъыбэр къулыкъущIэхэм я жыпым кIуауэ аращ.

Бюджет мылъкур зэрызэхадыгъуэ щIыкIэр къыдгуригъэIуащ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ и департаментым и лэжьакIуэхэм ящыщ зым:

- Ахъшэр ищхьэ дыдэм щызэхадыгъуэ. Къапщтэмэ, къалэм и унафэщIым сымаджэщыр зэфIэгъэувэжынымкIэ тендер къыхелъхьэ. Абы теухуа хъыбарыр къалэм и администрацэм тираж мащIэ иIэу къыдигъэкI газетым къытрадзэ. Ар зыIэрыбгъэхьэну хуабжьу гугъущ, абы къыхэкIыуи, Iуэхум хыхьэну хуейхэр хъыбарыншэу къонэ. Аращи, езыхэр зыхуейхэр кърашалIэри, текIуэдэну мылъкури ягъэбагъуэ. Хэхъуэр зэхуагуэшыж. Апхуэдэу къэзыгъэзэжа мылъкум къулыкъущIэхэр хотхъыкI, илъэс къэс ягъэхьэзыр декларацэхэм ахэр зыри зимыIэ къулейсызу къыщыгъэлъэгъуа пэтми.

- КъыпIэрыхьа ахъшэм щыщ иумыгъэгъэзэжынумэ, уи Iуэхур зэи къикIынукъым. АбыкIэ пасэу узэгурыIуэн хуейщ, - дыщегъэгъуазэ Санкт-Петербург и ухуакIуэ IуэхущIапIэхэм ящыщ зым и унафэщIым. - КъухьэпIэм ар щепIуэкI къудей хъунукъым. ДзыхьщIыгъуэджэхэм я спискэм уратхэнурэ, зыри къыбдэлэжьэнукъым.

## Юаныр долларым йоныкъуэкъу

**Иужьрей илъэсхэм сыт и лъэныкъуэкIи зызыужь Китайм дуней псом щытепщэ долларым и юаныр пигъэувыну мурад ищIащ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭ мазэм щыщIэдзауэ Китайм и банкым щIыпIэ компание 500-м нэблагъэм къищынэмыщIауэ, Гонконгым и фирмэхэм хуитыныгъэ яритащ хамэ къэралхэм сату щыдащIэкIэ лъэпкъ валютэр къагъэсэбэпыну. Абы и пэкIэ Азием и банк зыбжанэм фейдэшхуэ зыпылъ зэгурыIуэныгъэхэр юань мелард 14 и уасэу иращIылIащ. Ар долларым хуэбгъакIуэмэ, меларди 2 мэхъу.

Китайм и унафэщIхэм я мурадщ а Iуэхугъуэр дэнэкIи щыпхагъэкIыну икIи экспортым къахуихь хэхъуэм и ныкъуэр юанкIэ зыIэрагъэхьэну. Абы, дауи, къэралым и экономикэм нэхъри зригъэужьынущ.



А лъэпкъ валютэхэм я мыхьэнэр къэIэтыныр сэбэп хуэхъуну къалъытэ илъэс куэд хъуауэ америкэ долларым и тепщэныгъэр дунейпсо сатум къыщызэтекъутэным.

Нэхъапэми доллар е еврэ хэмыту сату зэгурыIуэныгъэхэр Китайм ирищIылIащ къэралыгъуихым. Абыхэм яхэтщ Аргентинэмрэ Белоруссиемрэ. А къэралитIым иращIылIа зэгурыIуэныгъэхэр юань мелард 90-м тещIыхьащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, доллар мелард 13-м.

КIэлъыплъакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, Урысей Федерацэмрэ Китаймрэ я лъэпкъ валютэхэмкIэ сату здащIыну хуэхьэзырщ. Абы щыгъуэми Китай хьэпшыпхэр юанькIэ, урысейхэр - сомкIэ ящэнущ.

Апхуэдэу щыт пэтми, УФ-м и Центробанкым къызэритамкIэ, ди къэралым хамэ къэралхэм щиIыгъ гъэтIылъыгъэхэр бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу доллар меларди 8,42-кIэ хэхъуащ икIи псори зэхэту доллар мелард 412,591-м нэсащ. Абы къыхэкIыу, США-м и лъэпкъ валютэм и тепщэныгъэр дуней псом къыщызэтещахэмэ, Урысейм и экономикэм фIэкIуэдынури мащIэкъым.

# Джонсон Рэйчел и адыгэ къежьапIэр къелъыхъуэж



**Куэдым ящIэ Инджылызым и премьер-министр Джонсон Борис урыс-кавказ зауэм иужькIэ Тыркум гъэру къыщыхута адыгэ пщащэм къызэрытехъукIар. И лъэпкъым и къуэпсыр къилъыхъуэжу, ар Тыркум зэрыщыIам и хъыбари «Адыгэ псалъэм» къытеддзауэ щытащ. Борис и шыпхъу Рэйчел унагъуэм и тхыдэр иджыри зы лъэбакъуэкIэ ипэкIэ игъэкIуэтащ. ЦIыхубз гумызагъэр Тыркум кIуэщ, и адэшхуэхэмкIэ и благъэхэм яхуэзэри, пщылIыпIэм къраша и анэшхуэм щегъэжьауэ езым деж нэсу, лъэпкъым и къудамэр зэфIигъэувэжащ. Уеблэмэ адыгэу щыта я анэшхуэм и сурэт къигъуэтыжащ. Зи гугъу тщIы хъыбарыр жэпуэгъуэм и 31-м къытрадзащ Инджылызым къыщыдэкI «Times», «Daily mail» газетхэм.**

КЪЭРАЛЫМ и хэхыныгъэхэр щекIуэкIым щыгъуэ, Борис и хьэрхуэрэгъу Ливингстон Кен: «Уэ уи адэшхуэм цIыху игъэпщылIу щытащ», - жиIэри, къещауэ щытащ. Абы и щхьэусыгъуэр нобэ зи гугъу тщIыну Фаридэ Хьэнифэ и лIым тырку бэзэрым къыщищэхуауэ зэрыщытарт. Армырами ехьэкI-нехьэкI зимыIэ щIалэ жьэнахуэм и псалъэр пщIэ зыхуэфащэ жэуапщ: «Ди адэшхуэр гъэпщылIакIуэтэкъым, атIэ пщылIыпIэм ит цIыхубзыр щхьэгъусэу къишэу, хуит зыщIыжа цIыхущ».

Дауэ ящIами, езыхэр ягъэлъэхъшэн папщIэ къагъэсэбэп хъыбарым зэдэлъхузэшыпхъум щIэгушхуэн щхьэусыгъуэ къыхащIыкIыфащ.

«XIX лIэщIыгъуэм Урысейм Кавказыр иубыда нэужь, мелуан 1,5-м нэс адыгэхэр Тыркум щхьэхуимыту Iэпхъуауэ щытащ. Абыхэм язт ди анэшхуэри, - етх Рэйчел. - Абы теухуауэ зэхэсха хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ, хъыджэбз цIыкIур илъэс 13 е 15 ныбжьым итащ. Илъэс 43-рэ ирикъуа Хьэмди Ахьмэд ар езыщар езым и адэрщ».

Адыгэ хъыджэбзхэр «пщылI хужьхэр» щащэ бэзэрым игъащIэми уасафIэу щащэу зэрыщытар Рэйчели ещIэ. Зэрыдахэм и фIыгъэкIэ, абыхэм сытым щыгъуэми унагъуэм ихьэну Iэмал ягъуэтырт. И псалъэхэм и щыхьэту Рэйчел къеxь «Лондон Пост» газетым 1856 гъэм къытрадзауэ щыта тхыгъэм и пычыгъуэ: «ИгъащIэм иджы хуэдэу адыгэ пщащэхэр пудакъым. Лири 100-кIэ мынэхъ мащIэкIэ ящэу щымытахэр иджы лири 5-кIэ угъуэт».

«Зи цIэ къудей пэжу дымыщIэ си анэшхуэм къыщыщIами дызэреплъыр езым и Iуэхур нэхъ тынш зыщIа къэхъукъащIэущ, - зрегъэубгъу Рэйчел и гупсысэм. - Арщ абы и тхыдэм си гъын къыщIимыгъакIуэр. Езыр бэзэрым пщылIу къытрашами, къэралым и лIыщхьэ хъуа щIалэ къытехъукIащ».

Джонсон Рэйчел и къуэхутэныгъэхэм занщIэу пэджэжащ Тыркум къыщыдэкI «Индепендент» газетым и журналист Эрдем Али Кемал. Абы псалъэмакъым къыхишащ «Сэ си цIэр 1864 гъэщ» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI тхакIуэ, зи магистр диссертацэр Рэйчел зи гугъу ищI «пщылI хужьхэм» я Iуэху зыIутам тезыухуа Аксой Эльбрус.

«Рэйчелрэ Борисрэ я анэшхуэр мыадыгэнкIи хъунущ, - жеIэ Аксой. - Сыту жыпIэмэ, а зэманым цIыху зыщэхэм я хьэпшыпыр нэхъ уасэшхуэ иIэу икIын щхьэкIэ, «адыгэ пщащэ» зыфIащыр нэхъыбэт».

Аксой Эльбрус укъуэдияуэ топсэлъыхь адыгэхэм я тхыдэм, ахэр Тыркум къызэрыщыхутами къыщIыщыхутами. ГуIэфIтещIэжу, сурэтыщI цIэрыIуэ Да Винчи Леонардо, Джонсонхэ ещхьу, и анэр пщылIыпIэ къикIа адыгэ пщащэу зэрыщытари жеIэ. Зэгуэр «пщылI хужьу» щыта я адэшхуэ-анэшхуэхэм къатехъукIауэ ди зэманым Тыркумрэ Мысырымрэ мелуанитIым нэс исcу зэрыхуагъэфащэри къыхегъэщ.

Дигу къинэжауэ иджыри зы гъэщIэгъуэн. ЗэрыбынипII хъууэ къэхъуа Джонсонхэ, я тырку-адыгэ адэшхуэ Кемал Али ещхьу, псори журналист, политик IэщIагъэм епхащ. Рэйчел зэрыжиIэжымкIэ, нэхъыщIэхэм «дыгъэджэгу» жаIэурэ, хагъэзыхьыху, сабийхэм я нэхъыжь Борис: «ИIэ, деджэу доджэгу», - яжриIэрти, тхылъ IэщIэлъу яхэтIысхьэрт.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**



# Махуэ къэс цIыху 220-рэ «мастэм тотIысхьэ»

**Урысейм и цIыху мин 30 илъэс къэс наркотикхэм яхь. Ахэр нэхъыбэу зи къару илъыгъуэ, зи псэугъуэ щIалэщIэхэмрэ хъыджэбзхэмрэщ.**

А БЖЫГЪЭ шынагъуэхэр хэIущIыIу щащIащ Наркотикхэм япэщIэтынымкIэ къэрал комитетым иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэм. ИкIи мы Iуэхум апхуэдизу псынщIэу зеужьри икIэщIыпIэкIэ хэкIыпIэхэр къамыгъуэтмэ, Урысейр зэман кIэщIым хэкIуэдэжынкIэ шынагъуэщ.

Къэралым наркотикхэр зэрыщызрагъакIуэм кIэлъыплъ IэнатIэм и унафэщIым и докладым къызэрыхэщащи, «уз бзаджэм» зиубгъунымкIэ УФ-р Европэм и къэралыгъуэхэм хуэди 5 - 8-кIэ йофIэкI. Апхуэдэ лъэбакъуэхъу Урысейм ичащ иужьрей илъэс тIощIым къриубыдэу.

Гупсысэр зыхуэкIуэр зыщ: дызыхь узыфэм дыпэлъэщын папщIэ къэралым и къару псори зэщIигъэуIуэн хуейщ. Ар дауэ зэгъэхъулIапхъэми къыщыгъэлъэгъуащ пIэщIэгъуэкIэ къащта УФ-м наркотикхэм щапэщIэтынымкIэ къэрал Концепцэм.

Урысей Федерацэм и шынагъуэ нэхъыщхьэр къыздикIыр Афганистанымкlэщ. НАТО-м и американ дзэхэр зэрихьэрэ абы кърашафиянхэм хуэдэ куэдкIэ хэхъуащ (американцхэм традза «Талибан» зэщIэхъеенгъэм наркотик зыгъэхьэзырхэм, зыщэхэм, зэзыхьэлIэхэм я судыр укIкIэ ищIэрт). А къэралым и ипщэ лъэныкъуэм Iущхьэ щагъэкI, ищхъэрэм афияным щолэжьри, нэхъ гуащIэж хъуа героину иужькIэ Таджикистанымрэ Узбекистанымрэ ягъэIэпхъуэ. АдэкIэ Къэзахъстаныр ябгынэри, наркотикхэр Урысейм къыщохутэ.



Зи гугъу тщIа Концепцэм къыщыхалъхьэ: Афганистаным щыIэ НАТО-м и къару зэгуэтхэм транспорт кIуэцIрыкIыпIэ щетткIэ, езыхэми абы пэкIуэу къалэн зыщращIыж зрихьэлIэ наркотик къызыхащIыкI къэкIыгъэхэр щыхасахэр, «ажал хужьым» щелэжь, ар щахъумэ щIыпIэхэр ягъэкIуэдыну. Абы псоми я сэбэп хэлъынущ.

Зыгуэр ещIэн хуейщ урысей-къэзахъ гъунапкъэми. Гу зэрылъатащи, километр мини 7,5-рэ зи кIыхьагъ гъунапкъэр наркотрафикым и дежкIэ лъэпощхьэпокъым.

Урысей Федерацэр бэлыхь хагъэтщ Iэпхъуэшапхъуэхэми. ЛэжьапIэншэу къанэхэм ящыщ куэд наркотик зезышэхэм яхохьэ, щIыпIэ псоми ар лъагъэIэсу. Апхуэдэу мы гъэм ди къэралым щаубыдахэм я бжыгъэр Iыхьэ плIанэкIэ зэрыхэхъуар абы наIуэу и щыхьэтщ. ХэкIыпIэфу къыщIэкIынут языныкъуэ ди гъунэгъухэм яхудиIэ зэпыщIэныгъэхэм визэ зэIэпыхыныр хабзэу щыгъэувыныр. Армырамэ, къэралым ихьэ-икIыжым, абыхэм къэрашэхэмрэ ирашымрэ тэмэму укIэлъыплъыфынукъым.

**Гу зылъытапхъэ:**

• къыпхуемыгъэгъэзэжыну цIыху мелуани 2,5-рэ Урысейм «мастэм щытесщ»;

• ди къэралым наркоманхэм я бжыгъэр илъэс къэс мин 80-кIэ щыхохъуэ (е махуэ къэс цIыху 220-рэ);

• наркотикхэр зэрызэрахьэлIэм и зэранкIэ махуэ къэс Урысей Федерацэм цIыху 80 щолIэ;

• илъэс къэс наркотикым илIыкI цIыху мин 30-м ику иту я ныбжьыр зэрыхъур илъэс 28-рэщ;

• урысей наркоманхэм я процент 90-м зэрахьэлIэр Афганистаным къраш героинырщ;

• наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу зэрызэрагъэкIуэкIым къыхэкIыу цIыху мини 102-рэ нэгъабэ Урысей Федерацэм щагъэтIысащ.

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **ХЬЭТАУ Ислъамщ.**

